

# Kouvèti pou ou, kouvèti pou tibebe ou.

Pran swen tèt ou toujou enpòtan, men sitou lè w ansent. Avèk Medicaid ak CHIP, lè w ansent ou ka kalifye pou pwoteksyon sante gratis oswa a bon mache anvan ak apre tibebe a rive. Sa a gen ladan vizit prenatal, travay ak akouchman, swen apre akouchman, ak plis ankò. Anplis, tibebe ou pral kouvri tou.

Enskripsyon yo louvri pandan tout ane a. Ou gendwa kalifye kounye a, menm si ou te aplike anvan. Fanmi kat (4) moun ki gen yon revni jiska \$80,000\* ka kalifye.

W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan kouvèti sante lè w rele **1-877-KIDS-NOW (543-7669)** oswa vizite **[InsureKidsNow.gov](https://www.InsureKidsNow.gov)**.



**InsureKidsNow.gov**